

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa hiji méthode atawa alat pikeun mesék hiji panalungtikan ilmiah. Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 2) méthode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun ngahasilkeun data kalawan tujuan jeung mangpaat nu tangtu. Dina ieu panalungtikan, méthode nu digunakeun ku panalungtik nyaéta méthode déskriptif analitis kalawan pamarekan kualitatif étnografi.

Dina ieu méthode dipedar ngeunaan pasualan-pasualan nu ditalungtik sacara jéntré, ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis sacara kritis kana data-data nu ditalungtik, saluyu jeung fakta-fakta nu kacangking nalika panalungtikan. Méthode déskriptif analisis étnografi dipilih pikeun nganalisis kelompok kasenian. Prosés panalungtikan nu ngagunakeun stratégi étnografi téh sifatna *fleksibel*, saluyu jeung kondisi panalungtikan dina ngaréspon kajadian-kajadian nalika lumangsungna panalungtikan di lapangan.

Ku kituna dipiharep bisa méré gambaran anu lengkep tur teleb, ku cara ngumpulkeun data, nyusun klasifikasi data, sarta nganalisis data pikeun nyangking jawaban jeung kacindekan. Ieu méthode dipaké pikeun ngagambarkeun data-data anu patali jeung inovasi, kréativitas, peran jeung fungsi, sarta sémiotik, dina Kacapi Harmonian Karya Ubun Kubarsah.

3.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan ngagambarkeun sakabéh prosés nu diperlukan dina rarancang panalungtikan jeung pelaksanaan panalungtikan. Nurutkeun Fadli (2021, kc. 37) pamarekan kualitatif béda jeung pamarekan kuantitatif, sabab pamarekan kualitatif teu ngagunakeun statistik, tapi ngagunakeun data analisis, tuluy didéskripsikeun. Sedengkeun méthode déskriptif nyaéta méthode pikeun ngolah data ku cara nganalisis faktor-faktor nu aya patalina jeung data tina objék nu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan metode déskriptif, sabab hasil panalungtikan diguar dina wangun déskriptif. Dina ieu


panalungtikan aya sababara léngkah panalungtikan, nyaéta (1) maluruh data

Moch. Yoga Agung N, 2024

KREATIVITAS WADITRA KACAPI HARMONIAN KARYA UBUN KUBARSAH (ULIKAN PERAN, FUNGSI, JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngunaan Kacapi Harmonian karya Ubun Kubarsah, (2) nganalisis unsur kréativitas waditra kaacapi harmonian Ubun Kubarsah, (3) nganalisis unsur peran jeung fungsi waditra kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah, (4) nganalisis sémiotik waditra Kacapi Harmonian karya Ubun kubarsah, (5) nganalisis larapna peran jeung fungsi waditra kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah di masarakat, (6) Kacindekan.



Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting dina prosés ngumpulkeun atawa nyangking data anu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan, nu dijadikeun sumber data téh nyaéta buku jeung narasumber. Buku mangrupa sumber nalika nyaluyukeun hasil panalungtikan jeung data anu kapaluruh di lapangan, salian ti éta nyaluyukeun ogé jeung tiori-tiori inohong nu saluyu jeung bidang garapanna.

Salian ti buku aya ogé data anu kapaluruh di lapangan, ieu data mangrupa hasil tina wawancara jeung sababaraha narasumber. Ieu data mangrupa data anu asli, sabab nalika proses meunangkeun data téh langsung ti narasumberna di lapangan. Narasumber anu mindeng diwawancara nyaéta Ubun Kubarsah salaku nu miboga gagasan jeung Yadi Piteuk. Nurutkeun (Arikunto, 2010 kc. 172) nétélakeun yén anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nya éta subjek timana asalna meunangkeun data. Anu jadi sumber dina ieu panalungtikan nyaéta hasil wawancara Ubun Kubarsah jeung tina buku.

1) Data

Data mangrupa hal poko nu rék di talungtik. Dina ieu panalungtikan, data nu baris ditalungtik nyaéta istilah-istilah kréativitas waditra kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah. Data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta waditra kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah nu ayeuna geus sumebar di masarakat urang Sunda.

2) Sumber

Dina néangan data panalungtik ngalakukeun wawancara ka réspodén, nyaéta jalma-jalma anu leuwih nyaho kana widang élmu kawih jeung waditra kacapi, tuluy diwewegan ku referensi buku nu saluyu jeung objék panalungtikan nyaéta waditra kacapi kawih harmonian. Sumber data tina ieu panalungtikan, buku nu relevan jeung hasil wawancara ti réspodén. Buku nu dipaké sumber nyaéta buku *Serat Keur Emay, jeung Waditra Alat Kasenian Jawa Barat*. Hasil wawancara ti réspodén nyaéta ti Ubun Kubarsah, salaku nu nyieun karya, tuluy Dian Hendrayana, jeung Yadi Piteuk nu ilubiung dina nyieun karya kacapi harmonian. Éta hal saluyu jeung nu ditétélakeun ku Arikunto (2013, kc.172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subjek timana asalna data. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik wawancara, dokuméntasi, jeung studi pustaka.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta Téknik dokuméntasi. Dokumén mangrupa catetan peristiwa nu geus kaliwat. Dokumén bisa dina wangun tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal hiji jalma. Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 224) Téknik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu pangstratégisna dina panalungtikan, sabab udagan utama dina panalungtikan nyaéta pikeun ngahasilkeun data. Dina ngumpulkeun data digunakeun sababaraha Téknik, di antarana Téknik talaah pustaka, observasi partisipatif, wawancara, jeung dokuméntasi.

a. Téknik Observasi Partisipatif

Téknik observasi partisipatif digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha sajarah, kamekaran, fungsi, sarta prak-prakanana Kawih Kacapi Harmonian téh. Nurutkeun Sugiyono (2016 kc. 64), observasi partisipatif ngalibetkeun panalungtik kana kagiatan sapopoé sumber data panalungtikan. Bari ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ilubiung jeung anu dilaksanakeun ku sumber data dina ieu panalungtikan. Sumber data tina ieu panalungtikan nyaéta waditra kacapi harmonian.

b. Téknik Wawancara

Téknik wawancara dimaksudkeun pikeun nyangking data langsung ti narasumber nu maham kana kawih, sangkan data-data nu kacangking bener-bener akurat. Ieu Téknik téh salah sahiji bagéan anu penting dina unggal panalungtikan. Wawancara mangrupa dialog anu dilakukeun ku panalungtik jeung narasumber pikeun ngahasilkeun informasi. Wawancara digunakeun pikeun néangan data ngeunaan objék anu ditalungtik. Luyu jeung éta hal, Esterberg (dina Sugiyono, 2016, kc. 231) nétélakeun yén wawancara mangrupa patepungna dua jalma anu miboga tujuan pikeun patukeur-tukeur informasi jeung ide ngaliwatan paguneman, nepi ka bisa ngahasilkeun ma'na dina hiji topik nu tangtu. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngawawancara sasabaraha narasumber. Narasumber anu diwawancara téh nyaéta Ubun Kubarsah, Yadi Piteuk, jeung ahli kawih di tatar Sunda.

c. Téknik dokuméntasi

Tékhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon wae nu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir. Dokuméntasi mangrupa salah sahiji metodé pikeun ngumpulkeun data kualitatif kalawan nilik atawa nganalisis dokumén-dokumén ngeunaan subjék. Ieu panalungtikan tangtuna kudu aya dokuméntasi. Kaméra dipaké pikeun ngadokuméntasikeun nalika prak-prakan magelarkeun Kawih Kacapi Harmonian boh bentuk pototo boh bentuk video.

3.5 Téknik Ngolah Data

Data-data anu geus kakumpul ngaliwatan sababaraha Téknik di luhur, satuluyna diolah jeung dianalisis ngagunakeun tiori anu geus di tangtukeun. Téknik ngolah data ngagunakeun analisis :

(1) Téknik Analisis Déskripsi Kawih Kacapi Harmonian, (2) Téknik Analisis Peran jeung Fungsi, (3) Téknik Analisis Uliikan Sémiotik, jeung

a. Téknik Analisis Déskripsi Kawih Kacapi Harmonian

Analisis déskripsi Kacapi Harmonian ngawengku pedaran sajarah jeung kamekaran, unsur-unsur pangwangun Kacapi Harmonian, jeung prak-prakan pintonan Kawih Kacapi Harmonian.

b. Téknik Analisis Uliikan Sémiotik

Analisis ulikan sémiotik dina Kacapi Harmonian, ngawengku pedaran ulikan sémiotik dumasar tiori Pierce anu ngabagi tanda kana tilu tipe nyaéta ikon, indéks, jeung simbol dina unsur pangwangun Waditra Kacapi Harmonian.

Dumasar Téknik di luhur, data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Nangtukeun objék nu ditalungtik nyaéta waditra kacapi harmonia karya Ubun Kubarsah;
- 2) Nangtukeun tiori-tiori nu ngarojong kana panalungtikan;
- 3) Nganalisis unsur kréativitas kawih Sunda karya Ubun Kubarsah;
- 4) Nganalisis unsur peran jeung fungsi waditra kacapi harmonian karya Ubun Kubarsah;
- 5) Nganalisis unsur larapna kréativitas, peran jeung fungsi waditra kacapi karya Ubun Kubarsah.

3.6 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2015, kc.203), instrumén panalungtikan nyaéta alat nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan bisa leuwih gampang jeung hasilna alus. Anapon instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data anu eusina kode

data, sumber data, nu dianalisis. Kartu data dipaké pikeun nyirian data nu rék dianalisis. Ieu di handap mangrupa kartu data dina ieu panalungtikan.

Tabél 3. 1 Kisi-kisi Prosedur Observasi

No.	Indikator	Perkara anu dióbsérvasi	Kaobsérvasi	Henteu
1	2	3	4	5
1.	Asal-usul	Sajarah gumelarna Waditra Kacapi Kamekaran Waditra Kacapi	✓	
2.	Prak-prakan	Prak-prakan Kawih Kacapi Harmonian Lila lumangsungna Pagelarana Kawih Kacapi Harmonian Tempat pintonan pagelaran Kawih Kacapi Harmonian	✓	
No.	Indikator	Perkara anu dióbsérvasi	Kaobsérvasi	Henteu
1	2	3	4	5
3.	Palaku	Inohong anu ngadegkeun tur marajian Kawih Waditra Kacapi Harmonian Palaku dina Kawih Kacapi Harmonian	✓	
4.	Pakakas	Waditra naon baé anu digunakeun dina Kawih Kacapi Harmonian.	✓	

a. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun patokan, nu mangrupa daptar patalékan pikeun nyangking informasi sacar lisan anu patali jeung masalah panalungtikan. Ku kituna, perlu ayana

Moch. Yoga Agung N, 2024

KREATIVITAS WADITRA KACAPI HARMONIAN KARYA UBUN KUBARSAH
(ULIKAN PERAN, FUNGSI, JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pedoman pikeun nungtun panalungtik dina ngalaksanakeun wawancara ka narasumber. Patalékan-patalékan dina wawancara ngeunaan Waditra Kawih Kacapi Harmonian digambarkeun dina ieu tabél.

Tabél 3.2 Format Biodata Informan

Wasta :	Ubun R Kubarsah
Tempat, ping gumelar :	Bandung, 18 Maret 1953
Yuswa :	70 Taun
Pakasaban :	Pencipta Lagu
Kalungguhan :	Budayawan

Tabél 3. 3 Daftar Biodata Informan

Wasta :	Dian Hendrayana, S.S., M.Pd.
Tempat, ping gumelar :	Subang, 25 Februari 1970
Yuswa :	53
Pakasaban :	Dosen
Kalungguhan :	Dosen Pendidikan Bahasa Sunda UPI
Wasta :	Yadi Cahyadi
Tempat, ping gumelar :	Bandung, 16 Desember 1974
Yuswa :	49
Pakasaban :	Dinas Pariwisata Kebudayaan dan
Kalungguhan :	Olahraga Kab. Sumedang Kepariwisataan dan Ekonomi Kreatif

Tabél 3.4 Tabél Pedoman Wawancara

No	Indikator	Patalékan
1.	Sajarah	1) Kumaha kasang tukang dina nyiptakeun karya kacapi harmonian? 2) Kumaha gagasan mimiti ayana istilah harmonian? 3) Naon anu jadi kaunikan atawa dina kacapi Harmonian?

Moch. Yoga Agung N, 2024

KREATIVITAS WADITRA KACAPI HARMONIAN KARYA UBUN KUBARSAH
(ULIKAN PERAN, FUNGSI, JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No	Indikator	Patalékan
		4) Kumaha proses kreatif dina nyiptakeun kacapi harmonian? 5) Kumaha proses kreatif dina nyiptakeun konsep istilah anyar anu bisa ditarima ku masarakat?
2.	Tujuan & Mangpaat	6) Naon tujuan tina diciptakeun Kacapi Harmonian? 7) Naon mangpaat diciptakeunna Kacapi Harmonian?
3.	Tatahar	8) Naon waé nu kudu di tataharkeun saméméh midangkeun Kacapi Harmonian? 9) Sok aya sasajén atawa tradisi husus anu kudu di lakukeun saméméh midangkeun Kacapi Harmonian? Mun aya naon waé?
7.	Prak-prakan	10) Dimana jeung dina acara naon baé pintonan Kawih Kacapi Harmonian? Sabaraha lila waktu midangkeunna? 11) Naon waé waditra anu digunakeun dina mirig Kawih Kacapi Harmonian? 12) Naon waé kalengkepan raksukan anu di gunakeun nalika midang?

b. Kaméra jeung Handphone

Kaméra jeung *Handphone* mangrupa pakakas anu digunakeun ku panalungtik nalika ngumpulkeun data. *Handphone* dipaké pikeun ngarékam nalika ngalakukeun wawancara. Sedengkeun kaméra dipaké pikeun ngadokumentasikeun nalika prak-prakan magelarkeun Kawih Kacapi Harmonian boh dina wangun pototo boh wangun vidio.

3.7 Prosedur atawa Galur Panalungtikan


Prosedur/galur panalungtikan anu dilaksanakeun ti mimiti nepi ka ahir panalungtikan nyaéta:

Wawancara ka nu ahli dina widang kawih pikeun nangtukeun objék panalungtikan

Moch. Yoga

**KREATIVITAS WADITRA KACAPI HARMONIAN KARYA UBUN KUBARSAH
(ULIKAN PERAN, FUNGSI, JEUNG SEMIOTIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Ba Bagan 3.2 Prosedur atawa Galur ungtikan dimimitian
 ku wawan Panalungtikan eung panalungtikan,
 néngan buku sumber anu ngarojong kana panalungtikan, ngatranskripkeun hasil wawancara,
 nganalisis data, kalayan dipungkas ku nyieun kacindekan.

Tabél 3.5 Kartu data Analisis Unsur-unsur

Sajarah
Déskripsi : Waditra Kawih Kacapi Harmonian
Déskripsi : Kawih Kacapi Harmonian mangrupa salah sahiji wanda kawih anu aya di....
Unsur Pangwangun Pintonan

Tempat Pintonan

Déskripsi : Kawih Kacapi Harmonian biasana dipintonkeun di....

Nayaga

Déskripsi : Nayaga dina Kawih Kacapi Harmonian jumlahna

Waditra

Déskripsi : Waditra dina Kawih Kacapi Harmonian diwangun ku sababaraha waditra Sunda séjénna..

Prak-prakan
<p>Prak-prakan saméméh lumangsung pintonan Déskripsi : Aya sababaraha kagiatan saméméh lumangsungna pintonan, di antarana....</p> <p>Prak-prakan nalika lumangsung pintonan Déskripsi : Aya sababaraha runtuyan dina pintonan Kawih Kacapi Harmonian, di antarana...</p>
Sémiotik
<p>Ikon dina Waditra Kacapi Harmonian Déskripsi : Aya sababaraha ikon anu katitén dina Waditra Kacapi Harmonian di antarana.....</p> <p>Indéks dina Waditra Kacapi Harmonian Déskripsi : Aya sababaraha indéks anu katitén dina Waditra Kacapi Harmonian, di antarana.....</p> <p>Simbol dina Waditra Kacapi Harmonian Déskripsi : Aya sababaraha simbol anu Waditra Kacapi Harmonian, di antarana.....</p>